



ACCÉSSS

Alliance des Communautés Culturelles pour
l'Égalité dans la Santé et les Services Sociaux

Men sa pou w konnen sou COVID-19 — Kowonaviris

Jiska kounya **òganizasyon mondial lasante** deklare ke kowonaviris **se yon pandemi li ye**. Lè yo di pandemi, sa vle se yon epidemi ki pran nan tout peyi. Dayè li rive Québec tou. Menm si isit la maladi a byen kontwole, yo prevwa ke nan semèn kap vini yo li ka pi difisil pou jere maladi a, menm si gouvènman an ap fè sal kapab pou l pote solisyon nan bezwen tout moun, keseswa syantifikman ou sosyalman.

Kisa COVID-19 la ye?

KOVID-19 la se yon viris ki soti nan fanmi kowonaviris e ki ka koze gwo pwoblèm sante, sitou kay ti granmoun ou moun ki gen sistèm iminitè fèb ou ki gen sa yo rele maladi kwonik.

Ki sentòm maladi sa bay?

Sentòm maladi a sanble ak sentòm grip ak tous. Moun ki trape COVID-19 ap gen:

- Yon fyèv ki parèt britsoukou
- Tous
- Fatig
- E l ap gen gwo difikilte pou l respire

Èske sentòm yo se menm pou tout moun?

Gen kèk moun ki ka trape COVID-19 la e ki pa prezante sentòm ditou. Moun sa yo ka menm geri san yo pa gen trètman oubyen yo ka gen yon tikal sentòm.

Gen lòt tou ki ka gen gwo doulè, nen yo ka ap koule larim oubyen yo ka gen dyare ki parèt dousman.

Sinon sentòm yo tou ka tou piti (konsa l ap sanble ak grip) ou pi rèd (moun sa ap gen sa yo rele nemoni an ak pwoblèm pou l respire oubyen pwoblèm nan ren). Nan ka grav sa yo, enfeksyon sa ka touye moun nan.

Ki ògan ki pi touche lè w gen maladi a?

Se nen w, gòj ou ak poumon w, ki ka plis atake ak maladi a.

Kijan w ka trape maladi sa?

Moun pran maladi a :

- Lè w gen kontak dirèk ak sa yo rele goutlèt nan respirasyon yon moun ki enfekte ak maladi sa. Sa vle di, lè moun malad la touse ou etènye sou ou.
- Si w gen kontak sere ak yon moun ki enfekte
- Si w al manyen men, objè oubien tout sifas kote ti goutlèt ki soti nan bouch, nen ak zye yon moun ki malad.

Konbyen tan viris sa ka viv?

Nòmalmman kowonaviris la pa viv lontan sou objè. Li ka rete jiska 3 è sou objè ak sifas ki sèk oubyen 6 jou sou objè ki imid ou sou sifas ki imid.

Sa pou m fè si m ta gen sentòm?

Tout moun kap viv Québec ki ta devlope sentòm lafyèv, tous ou ki ta gen pwoblèm pou l respire, après yo ta sot vwayaje, dwe rele [1-877-644-4545](tel:1-877-644-4545).

Gen klinik pou depiste maladi a ke yo mete an plas pou yo ka dyagnostike maladi a byen vit. Fòk ou rele 1-877-644-4545 avan ou ale nan klinik la. Lè w ap rele oubyen lè w rive lopital la, fòk ou di ke ou te vwayaje nan kòmansman ane 2020 an oubyen si ou te an kontak ak yon moun ki te pati ou ki fenk debake nan peyi a.

Eske gen vaksen ou yon trètman pou maladi a?

Jiska kounya yo pako janm jwenn ni vaksen ni trètman pou maladi a, men si w malad yo ka ba w ti medikaman pou soulaje sentòm maladi a. Pifò moun ki trape maladi a ap geri poukont yo. Meyè fason pou w pwoteje tèt ou kont viris la se respekte tout règ ijyèn ak tout mwayen prevansyon ki anba a.

Kisa pou m fè pou m pa trape maladi a?

Men règ ijyèn ke yo mande pou ou swiv pou ou pwoteje tèt ou:

- Lave men de tanzantan ak dlo tyèd kap koule e ak savon pendan 20 sekond pou pi piti
- Itilize yon dezenfektan ki gen alkòl si w pata gen dlo ak savon
- Respekte règ ijyèn lè w ap touse oubyen lè wap etènye :
 - kouvri bouch ou, nen ou avèk koud ou pou w ka pa kontamine lòt moun
 - si w ta itilize yon mouchwa papyè jete l lè w fini epi lave men ou
- Pa al vizite moun lopital oubyen nan sant ebèjeman ki bay swen nan period 14 jou ki swiv vwayaj ou oubyen si w ta malad
- Evite manyen moun lè w ap salye yo : pa bay lanmen, pa bo moun

Biro Direksyon rejional sante piblik Montréal la konfime ke depatman depistaj pou COVID-19 la ouvè pou tout moun kèlkeswa stati imigrasyon li genyen, avèk ou san pwoteksyon medical. Gen de klinik depistaj ki gen ou ki pa gen randevou ki ouvè pou nou.

Wa konsilte sit entènèt gouvènman yo pou w ka gen plis enfòmasyon ou wa rele nan nimero telefòn sa : 1-877-644-4545.

Men kèk kote ou ka rele

Pou w pran enfòmasyon sou COVID-19 la, soti lendi rive vandredi, 8h nan maten pou 6h nan aswè, rele nan nimewo sa : 1 877 644 4545

Si w vle pran enfòmasyon ke gouvènman kanadyen an bay sou COVID-19 la rele nan nimewo sa : 1 833 784 4397

<https://santemontreal.qc.ca/population/coronavirus-covid-19/>

Pou OMS : <https://www.who.int/fr/emergencies/diseases/novel-coronavirus-2019>

Gouvènman Québec : : <https://www.quebec.ca/sante/problemes-de-sante/a-z/coronavirus-2019/#c46333>

© Produit par l'Alliance des communautés culturelles pour l'égalité dans la santé et les services sociaux — ACCÉSSS